




# Reyouvèti New York

## Enstwiksyon Pwozivwa pou Konpayi Travay ak Anplwaye ki nan Aktivite Atistik ak Divètisman Entèn San Gwo Danje yo



Enstwiksyon sa yo aplike pou tout mize entèn, espas istorik, akwaryòm, ak lòt enstitisyon ak aktivite ki gen rapò ak yo ki te gen pèmisyon pou yo [retounen ouvri](#). Konsilte "Enstwiksyon Pwozivwa pou Aktivite Atistik ak Divètisman Entèn San Gwo Danje yo pou COVID-19" (Interim COVID-19 Guidance for Low-Risk Indoor Arts and Entertainment) pou ka jwenn tout detay yo.

Pandan eta ijans sante piblik pou COVID-19 la, tout pwopriyete/operatè mize entèn, espas istorik, akwaryòm, ak lòt aktivite ki gen rapò ak yo ta dwe rete ajou sou nenpòt chanjman nan kondisyon eta ak federal yo ki gen rapò ak aktivite atistik ak divètisman entèn san gwo danje yo, epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon yo. Objektif enstwiksyon sa a se pa pou ranplase okenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta ak federal aktyèl ki aplikab yo.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
<b>Distans Fizik</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Limite prezans mendèv ak kliyan/vizitè yo a pa pi plis pase 25% kapasite maksimòm kantite moun ki posib yo, ki enkli kliyan/vizitè yo, ki dwe sèlman gen otorizasyon pou yo antre nan enstitisyon an si yo mete mask ki akseptab pou kouvri figi yo, a kondisyon ke yo gen laj plis pase 2 ane epi ka tolere mask sa a sou plan medikal.</li> <li>✓ Asire ke moun yo toujou kenbe yon distans sosyal omwen 6 pye ant yo (alafwa kliyan/vizitè ak anplwaye yo), eksepte pou gwoup ki fè pati menm fanmi ki ap vizite enstitisyon an, amwens ke sekirite oswa aktivite prensipal yo mande yon distans ki pi piti, nan ka sa a moun yo dwe mete mask ki akseptab pou kouvri figi yo.</li> <li>✓ Asire ke anplwaye yo mete mask pou kouvri figi yo nenpòt lè yo ap fè entèraksyon ak kliyan/vizitè yo (pa egzanp, pou vann tikè yo), epi ke tout moun yo, ki enkli anplwaye ak kliyan/vizitè yo, mete mask pou kouvri figi yo nenpòt lè yo a 6 pye de yon lòt moun.</li> <li>✓ Pou ekspozisyon nan ti espas piti yo, kalkile epi fè aplike limit kapasite maksimòm kantite moun ki posib yo ak distans sosyal.</li> <li>✓ Sipèvizè/kontwòle trafik sikilasyon nan ak alantou enstitisyon an pou ka adere a egzijans sou kapasite yo, epi entansifye prezans anplwaye/sekirite yo pou fè aplike limitasyon sou gwosè rasanbleman yo, jan sa nesèsè.</li> <li>✓ Pèmèt sèlman vizit an gwoup yo pou manm menm fwaye oswa menm fèt yo epi ak yon kapasite maksimòm ki pi piti pase egzijans rasanbleman sosyal yo nan moman an, ki enkli anplwaye ak kliyan/vizitè yo.</li> <li>✓ Fèmen ekspozisyon entèraktif ki danjere anpil yo (pa egzanp, sa ki ap mande kliyan/vizitè yo manyen oswa mete atik yo).</li> <li>✓ Fèmen tèren jwèt oswa ekspozisyon ak ekipman jwèt pou timoun yo, amwens ke yo te netwaye, dezenfekte, epi aseni espas/ekspozisyon sa a apre chak timoun ki pa manm menm fanmi oswa fèt yo fin itilize espas/ekipman an.</li> <li>✓ Deplase nenpòt espas piknik oswa ban yo 6 pye apa youn de lòt, oswa fèmen yo si yo pa ka deplase.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Limite/modifye kantite lokal travay yo ak lòt espas kote anplwaye yo chita, pou ke moun yo ka omwen a 6 pye youn de lòt nan tout direksyon yo (pa egzanp, bò kote lòt ak lè yo fas a fas) epi yo p'ap pataje lokal travay yo san netwayaj ak dezenfeksyon ki fèt ant chak itilizasyon.</li> <li>✓ Mete sou pye baryè fizik yo ant anplwaye ak kliyan/vizitè yo nan kesye peman yo, gichè enfòmasyon yo, ak kyòsk tikè yo, konfòmman a <a href="#">enstwiksyon OSHA yo</a>.</li> <li>✓ Ankouraje kliyan/vizitè yo achte tikè yo alavans sou entènèt.</li> <li>✓ Mete sou pye tan vizit espesifik lè yo ap bay tikè yo (pa egzanp, rantre/soti atan) pou evite foul moun yo.</li> <li>✓ Chwazi pòt rantre/soti ki separe, nan pi gwo mezi posib.</li> <li>✓ Rekonfigire espas atant pou kliyan/vizitè yo (pa egzanp, liy yo, pakin yo) pou ka maksimize distans sosyal yo.</li> <li>✓ Redwi sikilasyon apye nan de direksyon yo apati itilizasyon tep oswa siy ak flèch yo nan koulwa, koridò, oswa espas ki kwense yo, epi poste afichaj ak makè distans yo ki endike espas 6 pye yo nan espas ke moun itilize an komen yo ak nenpòt zòn kote moun fè liy yo nòmalman oswa kote moun ka rasanble yo (pa egzanp, liy tikè, pòt asansè yo, bò kote ekspozisyon yo, espas kote moun yo ka make lè yo kòmanse/fin yo, espas evalyasyon sante yo).</li> </ul>

WEAR A MASK.

GET TESTED.

SAVE LIVES.



# Reyouvèti New York

## Enstwiksyon Pwozivwa pou Konpayi Travay ak Anplwaye ki nan Aktivite Atistik ak Divètisman Entèn San Gwo Danje yo



NEW  
YORK  
STATE

Enstwiksyon sa yo aplike pou tout mize entèn, espas istorik, akwaryòm, ak lòt enstitisyon ak aktivite ki gen rapò ak yo ki te gen pèmisyon pou yo [retounen ouvri](#). Konsilte "Enstwiksyon Pwozivwa pou Aktivite Atistik ak Divètisman Entèn San Gwo Danje yo pou COVID-19" (Interim COVID-19 Guidance for Low-Risk Indoor Arts and Entertainment) pou ka jwenn tout detay yo.

Pandan eta ijans sante piblik pou COVID-19 la, tout pwopriyete/operatè mize entèn, espas istorik, akwaryòm, ak lòt aktivite ki gen rapò ak yo ta dwe rete ajou sou nenpòt chanjman nan kondisyon eta ak federal yo ki gen rapò ak aktivite atistik ak divètisman entèn san gwo danje yo, epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon yo. Objektif enstwiksyon sa a se pa pou ranplase okenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta ak federal aktyèl ki aplikab yo.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
<b>Distans Fizik (kontinye)</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Fonksyone konfòmman a enstwiksyon DOH yo pou sektè espesifik sa a lè sa apwopriye.</li> </ul>	
<b>Ekipman pou Pwoteksyon yo</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Asire ke kliyan/vizitè yo sèlman gen otorizasyon pou yo antre nan enstitisyon an si yo mete mask ki akseptab pou kouvri figi yo; a kondisyon ke yo gen laj plis pase 2 ane epi ka tolere mask sa a sou plan medikal.</li> <li>✓ Asire ke kliyan/vizitè yo mete mask pou kouvri figi yo nenpòt lè yo nan espas oswa senaryo komen yo kote li ka difisil pou yo kenbe distans 6 pye a (pa egzanp, lè y'ap rantre/soti nan etablisman an, lè y'ap travèse yon ti espas ekspozisyon ki kwense, lè y'ap fè entèraksyon ak anplwaye yo) epi nenpòt lè yo a 6 pye de moun ki pa manm menm fanmi oswa fèt yo.</li> <li>✓ Asire ke nenpòt lè anplwaye yo vin a sis pye de yon lòt moun, yo dwe mete mask ki akseptab pou kouvri figi yo. Anplwaye yo dwe prepare pou bay yon mask pou kouvri figi yo si yon moun vin sanzatan a 6 pye de yo. Anplwaye yo dwe mete tou mask pou kouvri figi yo nenpòt lè yo ap fè entèraksyon ak kliyan/vizitè yo</li> <li>✓ Bay anplwaye yo mask ki akseptab pou kouvri figi yo ki gratis pou anplwaye a epi kenbe yon rezèv mask ki apwopriye nan ka ke yo bezwen yon ranplasan.</li> <li>✓ Mask pou kouvri figi ki akseptab yo gen pami yo, men yo pa limite a, mask ki fèt ak rad yo (pa egzanp, sa yo koud lakay yo, sa yo koupe nan rad yo, foula), mask chirijik yo, ak mask pwoteksyon figi yo.</li> <li>✓ Netwaye, ranplase ak entèdi pataj mask pou kouvri figi yo. Konsilte <a href="#">enstwiksyon</a> CDC yo pou ka jwenn enfòmasyon sou PPE yo, ansanm ak enstwiksyon sou jan pou nou itilize epi netwaye yo.</li> <li>✓ Fòme anplwaye yo sou fason pou mete, retire, netwaye (jan sa aplikab) ak jete PPE yo.</li> <li>✓ Limite pataj atik yo ant anplwaye yo, epi evite manyen espas komen yo; oswa, mande tout anplwaye yo mete gan (ki apwopriye pou komès oswa ki medikal) lè yo vin an kontak ak sifas moun manyen souvan oswa atik yo pataje ak lòt moun yo; oswa, mande anplwaye yo fè ijyèn pou men yo anvan ak apre kontak yo.</li> </ul>	

WEAR A MASK.

GET TESTED.

SAVE LIVES.



# Reyouvèti New York

## Enstwiksyon Pwozivwa pou Konpayi Travay ak Anplwaye ki nan Aktivite Atistik ak Divètisman Entèn San Gwo Danje yo



Enstwiksyon sa yo aplike pou tout mize entèn, espas istorik, akwaryòm, ak lòt enstitisyon ak aktivite ki gen rapò ak yo ki te gen pèmisyon pou yo [retounen ouvri](#). Konsilte "Enstwiksyon Pwozivwa pou Aktivite Atistik ak Divètisman Entèn San Gwo Danje yo pou COVID-19" (Interim COVID-19 Guidance for Low-Risk Indoor Arts and Entertainment) pou ka jwenn tout detay yo.

Pandan eta ijans sante piblik pou COVID-19 la, tout pwopriyete/operatè mize entèn, espas istorik, akwaryòm, ak lòt aktivite ki gen rapò ak yo ta dwe rete ajou sou nenpòt chanjman nan kondisyon eta ak federal yo ki gen rapò ak aktivite atistik ak divètisman entèn san gwo danje yo, epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon yo. Objektif enstwiksyon sa a se pa pou ranplase okenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta ak federal aktyèl ki aplikab yo.

Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Adere a egzijans ijyèn, netwayaj ak dezenfeksyon yo ki soti nan <a href="#">Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo</a> (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ak <a href="#">Depatman Sante</a> (Department of Health, DOH) epi kenbe rejis netwayaj nan espas la ki gen ladan dat, tan, ak anvègi netwayaj ak dezenfeksyon yo.</li> <li>✓ Bay epi kenbe espas pou fè ijyèn men yo toupatou nan espas la, ki enkli lave men yo ak savon, dlo cho ki ap kouri, ak sèvyèt papye yo ka jete yo, ansanm ak yon dezenfektan pou men ki a baz alkòl ki genyen omwen 60% alkòl oswa pi plis pou espas kote li pa posib/pratik pou moun lave men yo.</li> <li>✓ Mete dezenfektan pou men yo disponib nan tout zòn komen yo nan batiman an (pa egzanz, bò kote ekspozisyon yo).</li> <li>✓ Bay materyèl netwayaj/dezenfeksyon ki apwopriye yo pou sifas ki komen epi ke moun manyen souvan yo (pa egzanz, manch pòt, gichè tikè yo), epi ankouraje anplwaye yo itilize materyèl sa yo anvan ak apre itilizasyon sifas sa yo, epi apre fè ijyèn pou men yo.</li> <li>✓ Nou dwe fè netwayaj ak dezenfeksyon regilye nan batiman an, ansanm ak netwayaj ak dezenfeksyon pi souvan pou kote ki pi danjere yo ke anpil moun itilize ak pou kote yo manyen souvan yo. Itilize <a href="#">pwodwi</a> Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) la ke Ajans Pwoteksyon Anviwònmanal (Environmental Protection Agency, EPA) la te idantifye kòm pwodwi ki efikas kont COVID-19.</li> <li>✓ Sispann lwe/prete kliyan/vizitè yo kask/ ekipman yo amwens ke yo ka byen dezenfekte yo apre chak itilizasyon.</li> <li>✓ Si yo pa bay atik pou moun itilize yon sèl fwa yo (pa egzanz, kat yo), asire nou ke nou netwaye epi dezenfekte yo apre chak itilizasyon.</li> <li>✓ Fè netwayaj ak dezenfeksyon espas ki ekspoze yo nan ka ke gen yon moun ke yo konfime ki pozitif pou COVID-19, epi netwayaj ak dezenfeksyon sa a dwe gen ladan, pou pi piti, tout espas ki gen anpil sikilasyon yo ak kote moun manyen souvan yo (pa egzanz, eskanè ensiy yo, twalèt yo, ranp, manch pòt, machin ki ap vann yo, espas kafe kolektif yo). Swiv <a href="#">enstwiksyon CDC</a> pase sou netwayaj etablisman w lan apre yon ka yo sispèk oswa konfime.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Bay kliyan/vizitè yo kat, gid feyè pou yo itilize yon sèl fwa yo, si yo itilize atik sa yo.</li> <li>✓ Mete kat, feyè, gid yo, elatriye, disponib yon fason dijital pou moun ka wè yo sou aparèy elektwonik pèsònèl yo, jan sa posib.</li> <li>✓ Nenpòt kote sa posib, ogmante van ki ap soti deyò a (pa egzanz, ouvri fenèt ak pòt yo) pandan nou ap kenbe pwotokòl sekirite yo.</li> </ul>

WEAR A MASK.

GET TESTED.

SAVE LIVES.



# Reyouvèti New York

## Enstwiksyon Pwozivwa pou Konpayi Travay ak Anplwaye ki nan Aktivite Atistik ak Divètisman Entèn San Gwo Danje yo



Enstwiksyon sa yo aplike pou tout mize entèn, espas istorik, akwaryòm, ak lòt enstitisyon ak aktivite ki gen rapò ak yo ki te gen pèmisyon pou yo [retounen ouvri](#). Konsilte "Enstwiksyon Pwozivwa pou Aktivite Atistik ak Divètisman Entèn San Gwo Danje yo pou COVID-19" (Interim COVID-19 Guidance for Low-Risk Indoor Arts and Entertainment) pou ka jwenn tout detay yo.

Pandan eta ijans sante piblik pou COVID-19 la, tout pwopriyetè/operatè mize entèn, espas istorik, akwaryòm, ak lòt aktivite ki gen rapò ak yo ta dwe rete ajou sou nenpòt chanjman nan kondisyon eta ak federal yo ki gen rapò ak aktivite atistik ak divètisman entèn san gwo danje yo, epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon yo. Objektif enstwiksyon sa a se pa pou ranplase okenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta ak federal aktyèl ki aplikab yo.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
<b>Kominikasyon</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Deklare ke ou te revize epi konprann enstwiksyon pou sektè sa a ke Eta a te pase yo, epi ke ou pral mete yo sou pye.</li> <li>✓ Poste afichaj toupatou nan lokal la pou raple pèsoneèl ak kliyan/vizitè yo pou yo adere a règ sou bon jan ijyèn, distans sosyal yo, itilizasyon PPE ki apwopriye, ak pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon yo.</li> <li>✓ Afiche plan sekirite konplè yo kote ki fasil pou moun wè yo nan lokal la.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Devlope yon plan kominikasyon pou anplwaye ak kliyan/vizitè yo ki gen ladan fòmasyon, afichaj ki aplikab, ak yon mwayen ki konsistan pou bay anplwaye ak kliyan/vizitè yo enfòmasyon.</li> </ul>
<b>Evalyasyon yo</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Mete sou pye pratik evalyasyon sante obligatwa jounalye yo pou anplwaye yo epi, kote ki aplikab, pou founisè endepandan ak machann yo (men pa egzije sa pou kliyan/vizitè oswa pèsoneèl livrezon yo), ki enkli yon evalyasyon (pa egzanp, kesyonè, verifikasyon tanperati) pou poze kesyon sou (1) <a href="#">sentom</a> COVID-19 yo pandan 14 dènye jou ki sot pase yo, (2) tès ki pozitif pou COVID-19 pandan 14 dènye jou ki sot pase yo, ak/oswa (3) kontak tou pre oswa bò kote yon moun ke yo konfime oswa sispèk ki gen COVID-19 pandan 14 dènye jou ki sot pase yo. Nou dwe revize epi dokiman te repons yo chak jou.</li> <li>✓ Enfòmè depatman sante eta ak lokal yo imedyatman apre nou fin enfòmè de nenpòt rezilta tès ki pozitif pou COVID-19.</li> <li>✓ Chwazi yon sipèvizè sekirite espas la ki gen responsablite ki enkli konfòmite an pèmanans ak tout aspè ki nan plan sekirite espas la.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Anpeche anplwaye yo melanje an kontak tou pre oswa bò kote youn ak lòt anvan yo fin konplete evalyasyon yo (pa egzanp, fè evalyasyon yo a distans).</li> <li>✓ Pèsoneèl ki ap fè aktivite evalyasyon yo ta dwe pran fòmasyon nan men moun ke konpayi travay yo te idantifye kòm moun ki familyè ak pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA yo, epi yo dwe mete ekipman PPE ki apwopriye, ki enkli pou pi piti, yon mask pou kouvri figi yo.</li> <li>✓ Yo ka fè verifikasyon tanperati yo tou konfòmman a enstwiksyon Komisyon Opòtinite Anplwa Egal Ego Ameriken (U.S. Equal Employment Opportunity Commission) oswa DOH yo.</li> <li>✓ Konsève yon dosye sou chak moun ki enkli anplwaye, founisè endepandan, ak machann yo ki ta ka an kontak tou pre oswa bò kote lòt moun ki nan zòn oswa espas travay la.</li> <li>✓ Ankouraje – men pa egzije – kliyan/vizitè yo konplete yon evalyasyon sante oswa bay enfòmasyon kontak yo.</li> <li>✓ Refere nou a <a href="#">enstwiksyon</a> DOH yo pou ka jwenn enfòmasyon sou pwotokòl ak politik pou anplwaye ki ap chèche tounen nan travay yo apre yon ka ke yo te konfime oswa sispèk ki gen COVID-19, oswa apre ke yon anplwaye te an kontak tou pre oswa bò kote yon moun ki te gen COVID-19.</li> </ul>

WEAR A MASK.

GET TESTED.

SAVE LIVES.